

# Ankèt sou Akizasyon yo

**Si ou kwè yo te vyole dwa ou anba NLRA, ou ka depoze yon akizasyon kont patwon an oswa yon òganizasyon travay. Ou kapab jwenn fòm pou mete akizasyon an [la a](#). Tanpri kontakte yon fonksyonè ki responsab enfòmasyon yo nan [Biwo Rejyonal](#) ki pi pre ou pou jwenn asistans.**

NLRB resevwa apeprè 20,000 a 30,000 akizasyon anplwaye, , sendika, patwon yo chak ane ki konsène anpil kalite pratik travay enjis ki dekri nan [Seksyon 8 Lwa a](#).

Ajan Konsèy la fè ankèt sou chak akizasyon. Pou fè sa yo rasanble prèv yo epi yo ka pran nenpòt deklarasyon sou sèman moun ki konsène yo ak temwen yo. Direktè Rejyonal la evalye rezulta ajan yo, epi nan sèten ka ki nouvo oswa enpòtan, avoka NLRB yo revize rezulta yo nan Divizyon Konsèy la nan Washington DC. Anjeneral, yo pran yon desizyon sou merit yon akizasyon nan 7 a 14 semèn, menmsi sèten dosye ka pran plis tan. Pandan peryòd tan sa a, se moun ki konsène yo ki rezoud pifò akizasyon yo, moun ki depoze akizasyon an ka retire li oswa Direktè Rejyonal la ka anile akizasyon an. [Klike la a pou jwenn tablo ak done yo.](#)

Lè ankèt NLRB jwenn ase prèv pou sipòte akizasyon an, yo fè tout efò pou fasilité yon règleman ant moun ki konsène yo. Si yo pa jwenn yon règleman, nan dosye ki gen merit la, ajans lan ap emèt on plent. Kèk nan akizasyon ki genyen souvan nan plent yo kont patwon yo se menas, entèwogasyon ak mezi disiplinè ilegal pou aktivite sendika; pwomès avantaj pou dekoraje sendikalizasyon; epi nan kontèks relasyon negosyan angwoup avèk patwon, refi pou bay enfòmasyon, epi anilasyon rekonesans. Kèk nan akizasyon komen kont sendika yo se lè yo pa reprezante yon anplwaye ask lè yo pa negosye an bòn-fwa.

Emisyón yon plent ap mennen nan yon odyans devan yon Jij Lwa Administratif NLRB (Sof si moun ki konsène yo jwenn yon aranjman). Apre emisyón yon plent, NLRB ap vin yon reprezantan pou moun ki konsène ki depoze akizasyon an pandan tout diskisyón yo pou jwenn aranjman an ak pandan pwosesis Konsèy la. Avoka Konsèy la ap ede rasanble ak prepare materyèl yo, epi y ap kenbe ,moun ki konsène yo okouran devlopman dosye yo.

Li ilegal pou yon patwon oswa yon sendika fè vanjans kont anplwaye yo poutèt yo depoze akizasyon oswa poutèt yo patisipe nan ankèt oswa pwosedì NLRB.

## Reparasyon

Dapre kondisyon li, NLRB pa kapab enpoze sanksyon. Ajans lan ka chèche fè demann reparasyon tankou reyentegrasyon ak peman aryere salè ba travayè revoke yo, ak mezi pou bay enfòmasyon tankou pou patwon an afiche yon avi pou pwomèt li p ap vyole lalwa.

## Enjonksyon Pwovizwa

Pandan afè ap kontinye devan Konsèy la, Direktè Rejyonal la ka fè yon petisyon nan Tribunal Distri Etazini konpetan pou bay lòd enjonksyon pwovizwa pou retabli sitiyasyon kote patwon an

te vyole dwa anplwaye a, anba Seksyon 10(j) Lwa a. Konseye Jeneral dwe apwouve petisyon an anvan epi Konsèy la dwe otorize li. Si Tribunal la akòde sa, yon enjonksyon ka, pamì lòt reparasyon yo, egzije yon moun ki konsène pou retounen nan negosyasyon an, oswa pou reyentegre anplwaye ki jwenn revokasyon yo yon fason ilegal, oswa pou sispann bay sou-kontra djòb yo ba sendika. [Klike la a pou wè yon lis 10\(j\) aktivite enjonksyon](#), epi pou [wè yon kat jewografik 10\(j\) la a.](#)

## **Biwo Kontestasyon**

Desizyon pou anile yon akizasyon ka prezante nan Biwo Kontestasyon nan Washington, D.C. Nan de semèn apre anilasyon an. Biwo a travay sou apeprè 200 ka chak ane. Yo bay chak kontestasyon pou yon avoka ak yon sipèviziè pou yon revizyon tout dokiman ki nan afè a, ansanm avèk enfòmasyon tounèf moun konsène ki depoze akizasyon an bay. Yo prezante tout afè kote yo pwopoze pou ranvèse detèminasyon Direktè Rejyonal ba Konseye Jeneral la pou yon desizyon.

Yo ka prezante afè ki enpòtan yo pou Konseye Jeneral la revize menm kote gen rekòmandasyon pou fè respekte detèminasyon Direktè Rejyonal la. Biwo a ka ranvwaye afè yo nan rejyon yo pou lòt ankèt kote sa nesesè. Paske yo pa gen pou revize desizyon konsa nan tribunal, pa gen rekou pou moun ki konsène ki kwè yo te anile yon akizasyon yon fason enjis.

**Pou jwenn lòt enfòmasyon** oswa pou jwenn èd pou depoze yon akizasyon, tanpri kontakte yon fonksyonè enfòmasyon nan [biwo NLRB ou ki pi pre ou.](#)